**दिन–मंगलवार** **दिनांक–08.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

हरियाणा मे भाजपा लगातार तेसर बेर सत्ता मे वापसी करय जा रहल अछि। पार्टी के चालीस सीट पर जीत भेटल अछि जखनकि आठ सीट पर पार्टी प्रत्याशी आगां चलि रहल छथि। ओतहि, कांग्रेस एकतीस सीट पर जीत हासिल कयलक आ छओ सीट पर आगां अछि। आन दल सभक खाता मे पांच सीट आयल अछि। एम्हर, जम्मू–कश्मीर मे नेशनल कान्फ्रेंस आ कांग्रेसक गठबंधन के स्पष्ट बहुमत भेटि गेल अछि। गठबंधन उनचास सीट पर जीत हासिल कयलक। ओतहि भाजपा के सत्ताईस सीट पर जीत भेटल अछि। पीडीपी के तीन आओर आन दल सभक खाता मे नओ सीट आयल अछि।

---

नीति आयोगक मुख्य कार्यकारी अधिकारी बी.वी.आर सुब्रह्मण्यम आइ गया मे भारत लैब के तर्ज पर विकसित 'बिहार जेन नेक्स्ट लैबक' उद्घाटन कयलनि। एहि लैब मे बिहार जेन नेक्स्ट पर राज्य सरकारक विभिन्न विभागक दिस सँ कयल गेल काज आ एहि सँ संबंधित आंकड़ा सभ होयत। एकर माध्यम सँ कोनहुँ विभाग सँ संबंधित जनतब एक क्लिकक माध्यम सँ प्राप्त भऽ सकत। श्री सुबह्मण्यम गया मे डेटा ड्रीवन गवर्नेंस पर आयोजित राष्ट्रीय सम्मेलन मे सेहो भाग लेलनि। सम्मेलन मे उन्नैस राज्यक प्रतिनिधि सम्मिलित भेलाह।

---

नगर विकास आ आवास मंत्री नितिन नवीन कहलनि जे राजधानी पटना मे मेट्रो परियोजनाक पहिल चरणक काज दू हजार छब्बीस सँ पहिने पूरा करबाक प्रयास कयल जायत। श्री नवीन आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे कहलनि जे मेट्रो रेल परियोजना के लऽकऽ शीघ्रता सँ काज चलि रहल अछि। ओ कहलनि जे पहिल चरणक लेल सिविल वर्क्स सँ संबंधित सभ टेंडर जारी कयल गेल अछि। पटना मेट्रो रेलक पहिल चरण मे एकतीस किलोमीटर सँ बेसी नम्हर रेल लाईनक निर्माण कयल जा रहल अछि। एहि

परियोजना मे राज्य सरकार आ केन्द्र सरकारक बीस–बीस प्रतिशत भागीदारी अछि जखनकि, साठि प्रतिशत भागीदारी जापान इंटरनेशनल को ऑपरेशन एजेंसी–जिकाक अछि।

———————————————————————

जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी बाढ़िक रोकथामक लेल राष्ट्रीय गाद प्रबंधन नीतिक आवश्यकता पर बल देलनि अछि। श्री चौधरी आइ सीतामढ़ी जिलाक रून्नीसैदपुर आ बेलसंड प्रखंड मे क्षतिग्रस्त तटबंधक निरीक्षणक बाद पत्रकार सभ सँ गपशप कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे नेपाल मे हाई डैमक निर्माण सँ बिहारक बाढ़िक समस्याक स्थायी समाधान होयत।

———————————————————————

बिहार राज्य आपदा प्रबंधन प्राधिकरण राजमिस्त्री सभ के भूकंपरोधी भवन निर्माणक प्रशिक्षण देबाक लेल राष्ट्रीय कौशल विकास निगमक संग एक समझौता ज्ञापन पर हस्ताक्षर कयलक अछि। प्राधिकरणक उपाध्यक्ष डॉक्टर उदयकान्त जनौलनि ज समझौताक अंगर्तत अगिला तीन वर्षक अंतर्गत राज्यक सभ पांच सय चौतीस प्रखंडक तीस–तीस राजमिस्त्री के दस दिवसीय आवासीय प्रशिक्षण उपलब्ध कराओल जायत। ओ जनौलनि जे प्रशिक्षणक अवधि मे प्रत्येक राजमिस्त्री के सात सय टाका प्रतिदिनक दर सँ क्षतिपूर्ति राशिक भोगतान कयल जायत। संगहि, हुनका एक उन्नत टूल किट आ प्रमाण–पत्र सेहो देल जायत।

———————————————————————

राज्य सँ मॉनसूनक वापसी आरंभ भऽ गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गोपालगंज, सीवान, बक्सर, भोजपुर, औरंगाबाद, रोहतास आ कैमूर जिला सँ मॉनसून वापस घूरि गेल अछि। विभाग जनौलक जे अगिला चारि सँ पांच दिन मे पूरा राज्य सँ मॉनसूनक वापसी भऽ जायत। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान बांकाक रजौन मे सभ सँ बेसी सत्तासी दशमलव चारि मिलीमीटर वर्षा भेल। ओतहि, बिहारशरीफ मे एकहत्तरि मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान जमुई आ बांका जिलाक किछु भाग मे भारी वर्षाक संभावना अछि।

———————————————————————

संपूर्ण क्रांति आंदोलनक प्रणेता लोक नायक जयप्रकाश नारायण के आइ पुण्यतिथि अछि। एहि अवसर पर हुनका भावसिक्त श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल। पटनाक जे.पी गोलंबर लऽग राजकीय समारोहक आयोजन कयल गेल जतऽ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री

सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा आ विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव सहित कतेको गणमान्य लोकनि हुनक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धाजंलि अर्पित कयलनि। एहि अवसर पर पटनाक कदमकुआं स्थित जयप्रकाश नारायण के आवास चरखा समीति मे सर्वधर्म प्रार्थना सभा के आयोजन कयल गेल।

———————————————————————

दुर्गापूजाक छठम दिन आइ वैदिक मंत्रोच्चारक मध्य देवी दुर्गाक कात्यायनी स्वरूपक पूरा विधि–विधानक संग पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे माताक कात्यायनी स्वरूपक आराधना सँ रोग–शोक आ संतापक हरण होईत अछि। प्रदेशक विभिन्न शक्तिपीठ सहित दरभंगाक माँ श्यामा काली मंदिर, खगड़ियाक कात्यायनी शक्तिपीठ, सहरसाक महिषी स्थित उग्रतारा मंदिर आ मुंगेरक माँ चंडिका शक्तिपीठ मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु लोकनिक पाँति लागल रहल। दुर्गा पूजा के लऽकऽ राजधानी पटना सहित पूरा प्रदेश मे वातावरण भक्तिमय भऽ गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त